

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan nya éta bagan atawa gambar anu nuduhkeun léngkah-léngkah anu dilakukeun panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ari métode panalungtikan nya éta salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Éta hal luyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 203), nu nétélakeun yén métode panalungtikan nya éta cara-cara nu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data.

Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Ari panalungtikan kualitatif téh nurutkeun Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 22) nya éta panalungtikan anu sumber datana mangrupa kekecapan lisan atawa tulisan anu bisa dipaluruh, jeung barang-barang anu ditalungtik sacara gemet nepi ka kacangking ma'na tina eusi dokumén atawa barang nu ditalungtikna. Luyu jeung pamarekan panalungtikan nu dipaké, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Ari métode déskriptif téh nya éta métode anu digunakeun saupama panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun kajadian nu aya dina mangsa kiwari (Sudjana, 2013, kc. 52).

Dina ieu panalungtikan, anu didéskripsikeun nya éta babasan jeung paribasa Sunda “misato” jeung “mituwuhan” dumasar tilikan semantik, nya éta tina aspék harti jeung warna harti.

Desain dina ieu panalungtikan bisa digambarkeun dina wangun bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta babasan jeung paribasa Sunda “misato” jeung “mituwuhan”. Ieu data ditalungtik tina sumber data nu mangrupa buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda. Nu dimaksud sumber data dina ieu panalungtikan nya éta ti mana asal subjék data nu ditalungtik (Arikunto, 2010, kc. 172). Anapon nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku anu judulna:

- 1) *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*; jeung
- 2) *1330 Babasan dan Paribasa Bahasa Sunda*.

Buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* disusun ku Budi Rahayu Tamsyah spk. Ieu buku dicétak Juni 2012, wedalan Pustaka Setia, kandelna 160 kaca, jeung ukuran bukuna 14,5 x 21 cm. Ari buku *1330 Babasan dan Paribasa Bahasa Sunda* disusun ku Candra T. Munawar. Ieu buku dicétak November 2010, wedalan Nuansa Aulia, kandelna 162 kaca, jeung ukuran bukuna 14,5 x 20,5 cm.

3.3 Ngumpulkeun Data

Sangeus nangtukeun sumber data, léngkah satuluyna dina ieu panalungtikan nya éta ngumpulkeun data. Dina ngumpulkeun data, aya instrumén panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data.

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 192), instrumén panalungtikan nya éta alat nu dipaké ku panalungtik dina ngagunakeun hiji métode. Instrumén panalungtikan dipaké sangkan data nu rék diolah leuwih babari, museur, imeut, lengkep, jeung puguh éntép seureuhna. Sangkan leuwih babari dina nganalisis datana, instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Dina kartu data aya informasi ngeunaan (1) alfabét, (2) ungkara babasan/paribasa Sunda, (3) judul buku/dumber data, (4) wanda babasan/paribasa, jeung (5) kaca dicutatna. Kartu datana saperti ieu di handap.

Gambar 3.1

Kartu Data

A	
(007) <i>Anjing</i> nyampeurkeun paneunggeul (1000BPS/P/120)	
Unsur misato	: <i>anjing</i>
Harti unsur misato	: ngaran sato ingu suku-opat
Harti idiomatik	: Nyampeurkeun nu rék nganyenyeri.

Gambar 3.2

Kartu Data

B	
(030) Budak bau <i>jaringao</i> (1330BPBS/B/19)	
Unsur mituwuhan	: <i>jaringao</i>
Harti unsur mituwuhan	: sabangsa jukut nu jadi sorangan, daunna garépéng panjang
Harti idiomatik	: Budak olol lého, budak can aya kanyaho.

Informasi dikumpulkeun luyu jeung eusian nu aya dina kartu data, sarta satuluyna langsung disusun ngagunakeun kode, bari teu ngaleungitkeun informasi anu dibeunangkeun tina kartu data.

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun data anu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan teoritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 105). Ari nurutkeun Sudaryat (2004, kc. 31) téhnik ulikan pustaka dipaké saupama data

basa anu dikumpulkeun asalna tina sumber tinulis. Anapon léngkah-léngkah ngumpulkeun datana dijéntrékeun ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data anu mangrupa (1) buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* nu disusun ku Budi Rahayu Tamsyah, spk. jeung (2) buku *1330 Babasan dan Paribasa Bahasa Sunda* nu disusun ku Candra T. Munawar.
- b. Maca buku babasan jeung paribasa Sunda nu jadi sumber data.
- c. Nyirian babasan jeung paribasa Sunda “misato” jeung “mituwuhan”.
- d. Nyalin babasan jeung paribasa Sunda kana kartu data.

3.4 Analisis Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, langkah séjén nu perlu dilakukeun nya éta kagiatan analisis data. Analisis data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Ari analisis unsur langsung téh nya éta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana Hockett (dina Sudaryat, 2004, kc.32). Data nu dianalisis nya éta unsur misato jeung unsur mituwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda. Ari léngkah-léngkah nganalisisna saperti ieu di handap.

- a. Mariksa deui data babasan jeung paribasa Sunda anu geus dikumpulkeun.
- b. Ngadaptarkeun babasan jeung paribasa Sunda sacara alfabétis bari dibéré nomer kode.
- c. Nyieun papasingan data babasan jeung paribasa Sunda dumasar kana unsur misato jeung mituwuhan.
- d. Nganalisis data babasan jeung paribasa Sunda dumasar kana: (1) unsur misato jeung unsur mituwuhan, (2) maksud (aspék harti), jeung (3) harti.
- e. Ngadéskripsikeun data anu geus dianalisis.
- f. Nafsirkeun data.
- g. Nyieun kacindekan.